

# Ingene wokoresha BinaxNOW ya COVID-19 Igipimo co kwipima ubwawe antijene

## INTAMBWE YA 1

Kora igipimo mu kibanza gitangirwamwo.

## INTAMBWE YA 2

Suzuma ivyitonderwa vyose bijanye n'igipimo.

## INTAMBWE YA 3

Kora igipimo utari mu kibanza hama urindire inyishu zawe iminota iri hagati ya 15-30.

## INTAMBWE YA 4

Tanga raporo y'inyishu kuri [healthvermont.gov/reportresults](http://healthvermont.gov/reportresults) hama wuzuze iyo fishi ngufi.

Birakenewe gutanga raporo y'inyishu z'igipimo. Inyishu yawe ni ibanga.



### Serivise zo gusobanura ururimi

1. Akura kuri 1-413-216-4975
2. Shiramwo nimero PIN 6187848 hanyuma "#" ukomeze n'ibikurikira
3. Umviriza akantu kavuga kashizweho kandi uhitemwo ururimi

**Ku bijanye no gusaba,** ubufasha buboneka kuva isaha 2 z'agatondo gushika isaha 12 z'umugoroba mu kwakura (877) 380-3029 cankesupport@cic-health.com

# Ibibazo bikunzwe kubazwa

## Icipimo BinaxNOW™ COVID-19 ca Antijene cawe ubwawe ni iki?

Icipimo BinaxNOW™ COVID-19 ca Antigen cawe ubwawe cagenewe kwerekana neza urugero rwa poroteyine nucleocapsid ya antijene muri SARS-CoV-2 ivuye mu bantu bafise canke badafise ibimentyo canke izindi ngorane zituma bikekwa ko barwaye COVID-19, igihe bapimwe incuro zibiri mu minsi itatu mu masaha 36 hagati y'ibipimo. Iki gipimo kirekuriwe kubagikoresha muhira batacadikiwe mu kwifata ivyobagereragerezako imbere mu zuru (imyenge) uturingoti two gupimisha ku bantu b'imyaka 15 n'iyyirenga, canke ivyafashwe imbere mu zuru hakoreshejwe uturingoti two gupima ku bantu b'imyaka ibiri n'iyyirenga.

## Ni gute icipimo co kwipima ubwawe antijene ca BinaxNOW ya COVID-19 kigereranywa n'icipimo ca morekire?

Ibipimo vya antijene biratomeye neza ku mugera, ariko ntivyizewe cane nk'ibipimo vya morekire. Ibi bisigura ko inyishu yerekana indwara ishobora kuba yo, ariko inyishu iterekana indwara ntikuraho ubwando.

## Kubera iki hari ibipimo bibiri mu gikoresho?

Kuri BinaxNOW, icipimo gishoboka mu kwiharirira/ukwikoreshereza mu gihe abantu bipimye ubwabo kabiri mu minsi itatu, mu masaha 36 hagati y'ibipimo bibiri. Ibipimo bibiri birimwo vyemerera abantu kwuzuza ugukoresha kurekuwe.

## Ni gute nimba inyishu z'ibipimo zerekanye ko urwaye?

Nimba icipimo cerekana ko wanduye, raba neza utange raporo y'inyishu zawe uciye ku muhora k'urundi ruhande rw'iyi karata. Ku bijanye n'ayandi mabwirizwa, [tabahealthvermont.gov/covid19positive](http://tabahealthvermont.gov/covid19positive)

## Kumenya vyinshi vyerekeye icipimo antijene wipima ubwawe BinaxNOW ca COVID-19, [rababit.ly/33uB6Tv](http://rababit.ly/33uB6Tv)